

Kou Siprèm Konte Kings

360 Adams Street
Foreclosure Department
Brooklyn, NY 11201

Si genyen yon pwosesis sezi ipotekè yo te deja kòmanse kont ou, **OU KAPAB PÈDI KAY OU AN**. Pa inyore okenn avi oswa lòt papyè tribinal w ap resevwa. Yo eksplike dwa ak obligasyon yo nan "Deklarasyon Dwa Kliyan nan Kad Aksyon kont Sezi Ipotekè" yo bay ansanm ak avi sa a. Pa egzanp, ou genyen dwa pou patisipe nan konferans règleman epi ou genyen dwa pou genyen yon avoka ki pou reprezante ou gratis si w pa kapab peye yon avoka.

Konferans Règleman Tribinal Obligatwa

Selon lalwa nan New York ki rele CPLR 3408, ou genyen dwa omwen pou genyen yon premye konferans tribinal kote ou kapab diskite sou ka ou an ansanm ak pati ki depoze dosye sezi ipotekè an. Objektif konferans sa a, ak konferans suivi ki posib yo, se pou diskite si ni ou menm ansanm ak lòt pati a kapab rive atann yo sa ki pral pèmèt ou evite pou pa pèdi kay ou an nan pwosesis sezi ipotekè an. Nan premye konferans lan, epitou CPLR 3408 egzije pou Tribinal lan deside si li ka ba ou yon avoka ki pou reprezante ou si ou pa genyen yon avoka.

Lè yo planifye premye konferans règleman ou an se nan adrès sa a li pral fèt:

360 Street, Sal 774

Ou dwe ale nan konferans sa a.

Tanpri, n ap fè w konnen: pi bonè pwosesis konferans lan kòmanse, se plis chans ou genyen pou sove kay ou an nan pwosesis sezi ipotekè an.

Kisa Ou Dwe Fè Aprè Ou Fin Resevwa Avi pou Gen Yon Pwosesis Sezi Ipotekè

Ou ta dwe aranje ou pou jwenn asistans legal pi bonè ou kapab fè sa depi ou kapab peye pou sa. Si ou anplwaye yon avoka, ou dwe avèti li sou avi sa a tousuit kidonk avoka a kapab patisipe nan konferans lan ansanm ak ou oswa nan non ou.

Selon CPLR 3408(b), si ou parèt nan tribinal lan san yon avoka, ou genyen dwa pou mande jij lan deside si sitiyasyon finansye ou pa pèmèt ou depanse pou dwa legal ak defann ka a, epi si yo dwe ba ou yon avoka gratis ki pou reprezante ou nan ka a. Lwa a itilize tèm "Èd pou Moun Pòv" pou dekri èd sa a, men ou pa oblije "pòv" pou ou benefisye èd lan.

Pou ede jij lan deside si ou kalifye pou benefisye yon men leve pou depans legal yo epi si jij lan dwe itilize jijman pa li pou fè ou jwenn yon avoka, ou dwe ranpli swa yon deklarasyon sou sèman yo bay ansanm ak avi sa a oswa yon deklarasyon sou sèman ki nan yon fòm ki sanble. Ou genyen dwa pou mande jij lan ba ou desizyon li pran an

alekri. Si jij lan deside ba ou yon avoka ki pou reprezante ou nan ka a, tribinal lan pral ranvwaye konferans règleman an nan yon lòt dat konsa avoka ou an kapab parèt ansanm ak ou oswa nan non ou.

Sa Ou Bezwen Vini avèk Nan Konferans lan

Pou asire konferans règleman an efikas, Tribinal lan oblije enfòmasyon toude pati yo pou vini ak dokiman ki apwopriye yo pou konferans yo. Ou dwe bay enfòmasyon sa yo pou ede nou analize ka ou an si posib regle li. Si w pa genyen tout enfòmasyon sa a, vini ak tout sa ou kapab vini.

- Revni aktyèl pou mwa a tankou nenpòt chèk pèman (de sa ki pi resan yo)
- Si ou se yon travayè endepandan, deklarasyon benefis ak pèt
- Deklarasyon prè ipotekè ki pi resan
- Deklarasyon taks sou pwopriyete (de dènye ane yo)
- Deklarasyon enpo sou revni ki pi resan yo (de dènye ane yo)
- Deklarasyon tout avantaj ou resevwa
- Deklarasyon labank ki pi resan (de dènye mwa yo)
- Enimere depans chak mwa yo
- Tout prèv kontra lokasyon oswa revni lwaye
- Tout demann rediksyon pèt ki te soumèt oparavan
- Nenpòt lòt bagay ou panse ki enpòtan oswa jij lan mande ou soumèt nan ka pa ou an

Vini ak enfòmasyon ki pi resan ou genyen an nan konferans lan.

Pou fè yon Rezime

Ou kapab elijib pou gen yon men leve pou depans ak frè legal yo ki gen nan ka sa a epi pou genyen yon avoka ki asiyen ak ou ki pou reprezante ou. Epiou kapab genyen sèvis legal gratis ak prevansyon kont pwosesis sezi ipotekè ki disponib pou ou. S ou bezwen èd, vizite sitwèb tribinal lan sou [Foreclosure Resources | NY CourtHelp (nycourts.gov)], oswa rele nan 347/401-9334.